

Limit Revni Maksimòm ak Maksimòm Finansman Admisib

GWOSE FANMI	<=50% TRÈ FÈB	50.01% - 80% FÈB	80.01% - 100% MEDYAN	100.01% - 120% MODERE	120.01% - 140% MODERE/ MWAYEN
1	31,650	50,650	63,300	75,960	88,620
2	36,200	57,850	72,400	86,880	101,360
3	40,700	65,100	81,400	97,680	113,960
4	45,200	72,300	90,400	108,480	126,560
5	48,850	78,100	97,700	117,240	136,780
6	52,450	83,900	104,900	125,880	146,860
7	56,050	89,700	112,100	134,520	156,940
8	59,700	95,450	119,400	143,280	167,160

- Limit Revni yo retwoaktif apati 1ye avril 2021. Yo kapab chanje detanzantan atravè revizyon US HUD.
- (dat revizyon HUD & FHFC 01/4/2021 ak 13/4/2021 respektivman)

** Pou acha FHA, tanpri konsilte direktiv aktyèl FHA yo pou limit revni ki aplikab yo.

- Maksimòm montan ipotèk la baze sou CY2014 FHA Forward Mortgage Limit:**
(\$271,050 pou chak CY2014 ki se baz limit ipotèk pou Florid). **NOTE: Se jan sa endike a epi se PA von erè.**
- Maksimòm CLTV (Prè konbine-a-valè) se 105%. * Pa gen limit LTV.**

Asistans Admisib (apati 1ye mas 2021)

Pou Kay fanmi ki gen mwens pase 80% revni medynn brit ajiste nan Konte Miami-Dade (gade tablo anwo a): Asistans maksimòm lan se \$12,250.00 SEPANDAN, Pè Konbine-a-Valè (CLTV) PA dwe depase 105,00% * NOTE: CLTV a baze sou pri acha ki pi ba a kont valè evalye a.

Pou Kay fanmi ki depase 80% revni medyan brit ajiste nan Konte Miami-Dade (gade tablo anwo a): Asistans maksimòm lan se **pi ba nan 4.00%** pri acha pwopriyete a oswa \$4.750.00.

Yo bay asistans HAP baze sou bezwen ak disponiblite avèk limit ki kapab chanje. Fon HAP gen ladan yo yon peman konsèy pou achtè kay \$250. Yo debouse fon HAP a bay ajan ki ap konplete dosye acha a. Fon yo ka itilize sèlman pou avans peman ak/oswa asistans pou depans pou konplete dosye acha. **PRETÈ PA KAPAB RESEVWA LAJAN NAN MOMAN YO AP KONPLETE DOSYE ACHA A NAN OKENN SIKONSTANS.**

Egzijans sou Fon Moun ki Prete

Achtè (yo) ki gen revni nan kay ki pa depase 100% revni aktyèl medyan Konte Miami-Dade - ajiste pou gwoès fanmi (Median Revni Ajiste AMI) - dwe investè yon minimòm 1% nan pri acha a nan pwòp lajan yo. nan tranzaksyon sa a. Achtè (yo) ki gen revni nan kay yo apati 100.01%, men li pa depase 140% AMI, yo dwe investè yon minimòm 3% nan pri acha a nan pwòp lajan yo nan tranzaksyon sa a. Achtè ki gen revni ajiste brit ki depase 140% AMI pa elijib pou finansman HAP.

Elijibilite Pwopriyete ak Finansman

Pwopriyete elijib yo enkli SÈLMAN mezon inifamilyal, mezon atache oswa kondominyòm. Pwopriyete a kapab kay nèf oswa kay ki la deja epi yo dwe lokalize nan Konte Miami-Dade. Okenn prè ipotèk FHA 203(k) pap elijib nan pwogram sa a kounye a. Pwogram lan aksepte achete kay ke labank, kòporasyon REO ak FHA te sezi ak posede. Yo konsidere chak ka pou kont li. Pwopriyete a dwe nan kondisyon pou moun ladan imedyatman. Moun ki ap prete yo dwe aplike epi resevwa yon prè ipotèk konvansyonèl, VA oswa FHA 203 (b)/234 a yon to enterè fiks nan men yon ajan prè ipotèk ke HAP apwouve. Pwogram lan pap otorize prè ipotèk ke moun kap vann kay la kenbe ni asonpsyon prè ipotèk. Mezon prefabrike DWE resevwa apwobasyon.

